

**DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN**

# Vaksen kont wotaviris

## Sa w Dwe Konnen

### 1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont wotaviris kapab anpeche **ou genyen maladi ki lye ak wotaviris a.**

Wotaviris plis souvan pwovoke gwo, epi dyare ki dlo dlo, pi souvan lakay tibebe ak lakay timoun piti yo. Vomisman ak lafèyè se bagay ki kouran lakay tibebe ki genyen wotaviris a tou. Timoun yo kapab dezidrate epi gen nesesite pou entène lopital epi kapab menm mouri.

### 2. Vaksen kont wotaviris

Yo bay vaksen kont wotaviris lan pandan y ap mete gout nan bouch timoun lan. Tibebe yo dwe pran de (2) oswa twa (3) dòz vaksen kont wotaviris , selon mak vaksen y ap itilize a.

- Yo dwe bay premye dòz lan avan 15 semèn aprè nesans.

- Yo dwe bay dènye dòz lan avan 8 mwa aprè nesans.

Prèske tout tibebe ki pran vaksen kont wotaviris la pral pwoteje kont gwo dyare wotaviris la lakòz.

Ou ka jwenn yon lòt virus yo rele "virus siko pòsin" nan yon sèl mak vaksen kont wotaviris (Rotarix). Virus sa a pa enfekte moun, epi nou pa okouran sou okenn risk sekirite y.

Yo kapab bay vaksen kont wotaviris ansanm ak lòt vaksen an menm tan.

### 3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyakson alejik aprè yon ansyen dòz vaksen kont wotaviris** , oswa genyen tout aleji ki grav, ki kapab bay lanmò
- Li genyen yon **sistèm iminitè ki fèb**.
- Li genyen **gwo feblès nan sistèm iminitè ki konbine** (severe combined immunodeficiency, SCID)

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

- Li te genyen yon kalite blokaj nan entesten pou tata yo rele "**entisisepsyon**"

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon wotaviris pou yon lòt vizit.

Timoun ki gen maladi ki pa two grav , tankou yon rim, kapab pran vaksen an. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont virus wota an.

Pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

### 4. Risk reyakson ak yon vaksen

- Yon fòm kòlè oswa vosmisman oswa dyare ki lejè kapab parèt apre vaksen kont wotaviris la.

Entisisepsyon (konstipasyon) se yon sòt blokaj nan entesten ki kapab trete nan yon lopital epi kapab mande pou fè operasyon. Sa rive jeneralman lakay kèk tibebe chak ane nan peyi Etazini, epi jeneralman pa genyen okenn rezon pou sa rive fèt. Genyen yon yon risk tou piti pou entisisepsyon (konstipasyon) apati vaksinasyon kont vaksen kont wotaviris la, jeneralman nan yon semèn aprè premye oswa dezyèm dòz vaksen an. Yo estime risk adisyonèl sa a rive sou chak yon (1) tibebe nan Etazini sou 20,000 sou youn (1) nan 100,000 timoun nan Etazini ki pran vaksen wotaviris la. Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyakson alejik, lòt blesi ki gray, oswa lanmò.



**U.S. Department of  
Health and Human Services**  
Centers for Disease  
Control and Prevention

## **5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?**

Pou entisissepsyon , chèche siy doulè nan lestimak yo ansanm ak gwo kriye. Nan kòmansman seri sa yo li kapab dire kèk minit epi vini ak ale plizyè fwa nan inèdtan. Tibebe yo kapab remonte pye yo jiska nan pwatrin yo. Tibebe ou ka vomi tou plizyè fwa oswa li kapab gen san nan tata li, oswa sanble li fèb oswa an kòlè anpil. Siy sa yo jeneralman parèt nan premye semèn aprè premye oswa dezyèm dòz vaksen kont virus wota aprè vaksinasyon an. si w panse tibebe ou an gen entisissepsyon , kontakte yon pwofesyonèl swen sante imedyatman. Si w pa kapab jwenn pwofesyonèl swen sante w lan, ale ak tibebe ou an nan yon lopital. Di yo depi kilè tibebe ou an te pran vaksen kont wotaviris lan.

Yon reyakson alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyakson alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyakson efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan

**1-800-822-7967.** VAERS sèlman la pou rapòte reyakson yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.

## **6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Víktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)**

Pwogram Nasyonal Konpansasyon víktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekompans.

Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumett nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

## **7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan reydon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636** (1-800-CDC-INFO) oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

